



# EKSPRESYON VIZAJ MOUN ENPÒTAN POU KOMINIKE AK JEN TIMOUN


Asosyasyon Pou Sante Mantal Jen  
Timoun Nan Florida

Tibebe depann sou kominikasyon ki pa vèbal tankou ekspresyon visaj moun pou'l devlope bonjan koneksyon sèvo ki afekte kapasite'l pou'l kominike, epi sante emosyonel, ak sante mantal li. Mask tradisyonel yo anpeche devlopman sila fèt komsadwa lakay timoun yo, paske li kouvri vizaj moun.



Nou pale de "referans sosyal" le ekspresyon nan figi ak emosyon sosyal aprann ti bebe ak jen timoun kijan pou yo kominike nan mond yap viv la. Timoun yo depann sou moun kap pran swen yo ak granmoun yo pou yo ka konprann konman pou kontwole emosyon yo. Lè ou Pèmet yon tibebe we figi ou, li ede li nan jan lap analize epi reponn ou nan sityasyon sosyal yo.

Timoun kapab vin ajite oswa fristre lè yo pakab wè ekspresyon vizaj ou. Avèk Inisyativ "Ekspresyon Vizaj Enpotan" ke FAIMH mete sou pye a, ou kapab jwenn mask transparan, ClearMask™ kap pèmet tibebe wap pran swen'la, we tout vizaj ou, yonjan pou ede'l nan devlopman sosyal li, pandan wap anpeche viris ak bakteri yo pwopaje.



Pou plis enfòmasyon ale nan  
[www.faimh.org/faces](http://www.faimh.org/faces)

